

OU GEN KAZYE JIDISYÈ? OU KAPAB TRAVAY AVEK SA.

Yon patwon pa kapab konsidere istwa kriminel ou nan pwosesis pou anboche ou apre li ofri ou yon djòb. Sa vle di ou gen yon chans san paspouki, epi patwon yo dwe konsidere plis kandida.

Depi 27 oktòb 2015, patwon yo pa kapab poze ou kesyon sou istwa kriminel ou jouk apre yo ofri ou yon djòb. Apre yon patwon ofri ou yon djòb, li kapab poze ou kesyon sou kazye jidisyè ou epitou li kapab konsidere kazye jidisyè ou. Si yon patwon decide li pa vle anboche ou apre li jwenn enfòmasyon sou dosye ou, patwon an dwe swiv yon sèten pwosesis. Gid sa a ap eksplike ou pwosesis la epitou l ap ba ou enfòmasyon sou dwa ou anvan ak apre yon patwon ofri ou yon djòb. Ou gen menm dwa anba lwa sa a nan anbochaj la oswa nan nenpòt lòt desizyon sou travay, tankou pwomosyon. Men, gid sa a konsantre sou pwosesis aplikasyon pou djòb la ou pou swen medikal oswa pou reponn a bezwen yo pou yo viv chak jou.

ANVAN YON PATWON OFRI OU YON DJÒB

Patwon ou gen entèdiksyon pou konnen kazye jidisyè ou jouk apre li ofri ou yon djòb.

Patwon yo pa kapab mete anons pou djòb ki endike arestasyon, kondanasyon, oswa pou gen yon dosye pwòp, tankou "nou pa aksepte kriminel", "verifikasyon kazye jidisyè obligatwa", oswa "ou dwe gen dosye pwòp".

Fòm aplikasyon pou djòb yo pa kapab gen kesyon sou kazye jidisyè epitou yo pa kapab mande ou pou otorize yon verifikasyon kazye jidisyèl ou. Patwon yo pa kapab poze ou kesyon sou kazye jidisyè ou. Si yo poze ou kesyon sou kazye jidisyè ou, yo pa kapab itilize repons ou bay yo kont ou. Patwon yo pa kapab fè yon tchèk kazye jidisyè sou ou jouk apre yo ofri ou yon travay sou kondisyon.

APRE YON PATWON OFRI OU YON DJOB

Lè yon patwon ofri ou yon djòb, li kapab poze ou kesyon sou kazye jidisyè ou epitou li kapab konsidere kazye jidisyè ou.

Patwon yo pa kapab mande ou si ou gen nenpòt kondanasyon kriminel. Ou dwe fè bay patwon an enfòmasyon sou nenpòt kondanasyon pou krim ak deli, kèlkeswa depi konbyen tan yo la.

Patwon yo kapab egzije ou pou otorize yo fè yon tchèk kazye jidisyè sou ou. Si ou pa otorize yon patwon an pou li fè yon verifikasyon kazye jidisyè sou ou, li kapab refize ba ou djòb la.

Gen de (2) bagay **patwon yo pa kapab janm poze ou kesyon sou yo, epitou ou pa ta dwe divilge yo menmsi patwon yo mande ou yo:**

1. Nenpòt arestasyon kote lajistis pa t janm kondane ou;
2. Nenpòt kondanasyon ki sele. Anjeneral, lajistis sele kondanasyon yo lè:
 - Yo kondane ou pou yon vyolasyon ki pa kriminel, tankou konduit dezòdone;
 - Ou patisipe nan yon pwogram tretman pou dwòg sou lòd tribinal; oswa
 - Lajistis jije ou kòm yon jèn delenkan oswa kòm yon delenkan jivenil.

Menmsi yon patwon vin konnen enfòmasyon sa yo, li pa kapab itilize yo kont ou. Sèl eksepsyon ki gen nan sa se si w ap aplike pou vin yon ofisyè lapolis oswa yon ofisyè pou lapè.

ANVAN YON DESIZYON FINAL SOU TRAVAY

Lè yon patwon vin konnen enfòmasyon sou kazye jidisyè ou, patwon an kapab decide ba ou yon djòb. Men anvan yon patwon pran yon desizyon final, li dwe fè twa (3) bagay:

1. Ba ou yon kopi nenpòt verifikasyon kazye jidisyè li te fè sou ou;

2. Evalue ou lè li konsidere sèten faktè epi ba ou evalyasyon alekri a; epi
3. Kite pozisyon an lib pandan omwen twa (3) jou ouvrab apre patwon an fè ou konnen desizyon li pou ou kapab bay yon repons pou desizyon an.

Patwon yo pa kapab refize ba ou travay sèlman paske ou gen yon dosye kriminel. Anvan patwon yo decide pa ba ou yon djòb akòz kazye jidisyè ou, yo dwe konsidere faktè sa yo:

- Politik piblik New York ankouraje anbochaj moun ki gen dosye kriminel;
- Sèten devwa ak responsablite nan djòb la;
- Enpòtans kazye jidisyè ou, si genyen, sou konpetans ou pou fè djòb la;
- Kantite tan ki te pase depi evènman ki te lakòz kondanasyon kriminel ou;
- Laj ou lè ou te gen konpòtman kriminel la;
- Gravite dosye kondanasyon ou;
- Nenpòt enfòmasyon pozitif ou genyen ki anfavè ou. Sa gen ladan prèv ki montre ou te ale lekòl, ou te patisipe nan fòmasyon pou jwenn djòb, oswa ou te patisipe nan sesyon konsèy; ou t ap travay lontan; oswa ou bay patisipasyon ou nan kominote ou. Bagay sa yo kapab gen ladan lèt rekòmandasyon moun ki konnen ou, tankou pwofesè, konseye, sipèvizè, manm legliz, ak ofisye libète sou kondisyon oswa ofisye pwobasyon.
- Si ou gen yon sètifika sekou nan andikap oswa yon sètifika bon konpòtman, yon patwon an **dwe** sipoze ou se yon moun ki reyabilite pou kondanasyon ou yo.

Apre yon patwon analize faktè sa yo, li kapab decide pa ba ou yon djòb pou youn nan de (2) rezon:

1. paske yon **relasyon dirèk** egziste ant kondanasyon ou ak djòb ou vle a; oswa
2. paske istwa kondanasyon ou kreye yon **risk ki pa rezonab** pou moun oswa pwopriyete.

Patwon an dwe voye rezonman li ba ou alekri, ansanm avèk tchèk kazye jidisyè li te itilize a. Apre ou resevwa dokiman sa yo, ou gen twa (3) jou ouvrab pou bay repons pou rezoud enkyetid patwon an.

Èske tout patwon yo dwe swiv Lwa sou Chans San Paspouki (Fair Chance Act)?

Non, kèk patwon gen obligasyon dapre lalwa pou yo tcheke kazye jidisyè ou. Lòt patwon yo gen obligasyon dapre lalwa pou yo pa anboche moun ki gen sèten kondanasyon. Patwon sa yo pa gen pou swiv FCA. Answit, ajans vil la ki gen pou wè ak aplikasyon lalwa pa gen pou swiv FCA.

Èske lwa sa a aplike pou lojman?

Non, lwa sa a afekte anbochaj sèlman. Mèt kay yo kapab toujou itilize istwa kriminel pou decide si pou yo lwe kay yo.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen kwè yon patwon pa t swiv règ ki dekri la yo?

Rele **212-416-0197** epi mande pou Komisyon Dwa Moun (Commission on Human Rights). Ou kapab kite yon ransèyman anonim, oswa ou kapab fè yon plent sou sa ki te pase ou. Si yo jwenn patwon an vyole lalwa, ou kapab touche salè ou pèdi yo oswa lòt dedomajman, epitou patwon an ka gen pou peye yon amann pou sa.